

Medicaid pou Tretman yon Pwoblèm Medikal pou Ijans (“Medicaid pou Ijans”)

Medicaid pou Tretman yon Pwoblèm Medikal Annijans, ki rele Medicaid pou Ijans tou, ede imigran New York yo ki kalifye, ki pa gen papye imigrasyon epi ki nan Eta a pou yon ti tan peye pou frè medikal yo lè yo gen yon ijans.*

Èske mwen kalifye pou Medicaid pou Ijans?

Ou ka kalifye pou gen Medicaid pou Ijans si ou satisfè kondisyon pou kalifye pou Medicaid okonplè men ou pa kalifye akòz sityasyon imigrasyon ou.

Pou kalifye, ou dwe:

- + Satisfè kondisyon revni (gen revni ki ba).
- + Ap viv nan Eta New York (rezidan legal pou yon ti tan yo pa gen pou satisfè kondisyon pou y ap viv nan Eta a).
- + Tout lopital yo dwe trete ou si ou gen yon ijans medikal, kèlkeswa mwayen ou pou peye.



FASON POU APLIKE

- + Ou kapab enskri nenpòt lè pou nou apwouve ou davans sizoka ou gen yon ijans pidevan. Si ou enskri davans, n ap apwouve ou pou frè pou peye pou ijans pidevan yo pou 12 mwa.
- + Si ou gen plis pase laj 65 ane, ou kapab enskri sou entènèt. Ale sou sitwèb NY State of Health nan nystateofhealth.ny.gov, oswa rele nimewo 1-855-355-5777.
- + Pifò moun ki gen laj 65 kan oswa plis, oswa ki gen yon andikap ap bezwen ranpli yon aplikasyon diferan. Pou jwenn èd pou enskri, rele nimewo 347-396-4705.
- + Ou kapab enskri tou nan yon lopital pandan oswa apre yon ijans. Ou dwe enskri nan twa (3) mwa apre tretman pou ijans lan pou ou kapab garanti pou frè yo.

Ou pa byen konnen si ou kalifye?

Pa gen pwoblèm – ou kapab aplike nenpòt lè pou chèche konnen. Li pi fasil pase anvan pou konnen chwa pwoteksyon ou yo! Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.



APLIKASYON POU ASIRANS SANTE P AP GEN KONSEKANS SOU KONDISYON IMIGRASYON OU

Lè ou aplike pou Medicaid pou Ijans oswa pou Medicaid okonplè oswa lè w ap resevwa li P AP gen konsekans sou kondisyon legal ou epi nou P AP rapòte sa ba Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) Etazini oswa ba Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (US Citizenship and Immigration Services, USCIS).

*Imigran ki prezan legalman ak imigran k ap viv nan Eta a pou yon ti tan ka kalifye pou Medicaid okonplè oswa pou Plan Debaz la. Toulède bay pwoteksyon pou swen sante ki pa pou ijans tou.



ÈSKE MEDICAID POU IJANS AP GARANTI TOUT FRÈ SANTE MWEN?

Non. Medicaid pou Ijans ap bay peman medikal pou swen ak sèvis yo sèlman si ou bezwen atansyon medikal imedyat pou yon pwoblèm sante ki grav. Pwoblèm sante ki grav gen ladan pwoblèm tankou yon kriz kadyak oswa doulè grav ki kapab lakòz yon rezilta sante danjere san èd medikal la. Medicaid pou Ijans garanti frè ki gen pou wè ak dyaliz ren ak akouchman annijans tou. Medikaman ki nesèsè nan yon ijans ak kèk medikaman sou preskripsyon pou tretman kansè garanti tou.



KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA GEN ASIRANS EPI SI MWEN BEZWEN ALE WÈ DOKTÈ?

Si ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen sante, ou kapab toujou resevwa li nan Vil New York. Sistèm lopital piblik Vil la (NYC Health + Hospitals) ak sant sante kominotè yo bay swen medikal sou baz yon frè redui, selon revni ou. Lopital prive yo gen obligasyon tou dapre lwa leta pou yo bay swen pou charite ak èd finansye pou pasyan ki pa touche ase revni yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.

POU PLIS ENFÒMASYON: Ale sou sitwèb NY State of Health nan nystateofhealth.ny.gov, oswa rele nimewo 1-855-355-5777 oswa 311

NYC
Human Resources
Administration
Department of
Social Services
FLY-957 (D)
04/16



Dwadotè 2016. Se Human Resources Administration Office of Citywide Health Insurance Access ki bay fèy done sa yo pou enfòmasyon sèlman. Pou jwenn pèmasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte New York City Human Resources Administration.